РЦИ – Аланийы Горæтгæрон районы адæмон газет
Народная газета Пригородного района РСО – Алания

# ФИДИУÆГ

ГЛАШАТАЙ

ВЫХОДИТ с 1937 года. ЧЕТВЕРГ, 15 мая 2025 г. №54 (12794). Цена 13 руб.

Ирон æвзаджы бон

# Фыдæлты буц æвзаг – мадæлон æвзаг

### Горæтгæрон районы зынаргъ цæрджытæ!

*Абон Ирыстон бæрæг кæны Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон, æмæ уын уый цытæн арфæ кæнын.*

*Уый у национ бæрæгбон, цардаразæг сæрибар адæмы сæрыстырдзинады бон, уымæн æмæ нæ уадзы ирон адæмы сæ уидæгтæй хицæн кæнын.*

*Æрвылаз æй бæрæг кæнæм 15 майы – Хетæгкаты Къостайы æнæмæлгæ "Ирон фæндыр" мыхуыры куы рацыдис, уыцы бон. Арф хъуыды ис йæ бындуры: ирон адæмы культурæйы хæзнатæн аргъ кæнын, фæлтæрæй фæлтæрмæ сæ арæхстгай адæттын, фыдæлты хорз æгъдæуттыл фæсивæды хъомыл кæнын.*

*Ацы чиныг зæрдæрухс æрхаста Иры дзыллæйæн, сæхимæ банкъардтой æнæкæрон сæрыстырдзинад, æмæ абон дæр ирон æвзаг æмæ литературæ сты нæ адæмæн сæ раздзæуджытæ, зондамонджытæ.*

*Нæ мадæлон æвзагыл сæрыстырæй дзурæм, ис нын нæхи фыссынад, æххуысгæнæг нын уыд æмæ у, уæззау тохтæм цæугæйæ, рухс нын кæны нæ фæндаг. Афтæ уыдзæн дарддæр дæр!*

*Арæхдæр дзурæм нæ ирон æвзагыл, æмæ йæм нæхи дæнцæгæй рæзгæ фæлтæрмæ гуырын кæнæм аудгæ ахаст, æмæ, уымæ гæсгæ, цы адæмы æвдисæм æмæ цы зæххыл цæрæм, уыдонмæ дæр. Зынаргъ æмзæххонтæ, ирон фарнæй хайджын ут!*

*Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!*

### Дорогие жители Пригородного района!

*От всей души поздравляю вас с замечательным праздником – Днем осетинского языка и литературы! Неразрывно связанный с нашим выдающимся соотечественником – Коста Хетагуровым, он призывает всех нас знать и любить свою историю, беречь самобытную культуру, уникальную красоту обычаев и традиций.*

*В нашем многонациональном районе осетинский язык является бесценным духовным достоянием, передаваемым из поколения в поколение. Мы гордимся "золотым фондом" высокохудожественных произведений, созданных в осетинской прозе, поэзии, драматургии, и вправе рассчитывать на то, что они и дальше будут служить укреплению национального самосознания, сплоченности и единству нашего народа.*

*Дорогие друзья, желаю крепкого здоровья и успехов во всех начинаниях! Пусть в ваших семьях всегда царят счастье, радость и благополучие!*

***Алан ГАГЛОЕВ,***
***глава Пригородного***
***муниципального района***



# Джызæйлаг чызг дæр...

***Нæ республикæйы цы æхсæнадон змæлдытæ ис, уыдонæй иу у "Иудзинад". Уый цалдæр азы фæд-фæдыл саразы республикон æркаст-конкурс "Ирон дæн æз". Йæ нысан у рæзгæ фæлтæрыл æфтауын æнувыддзинад Фыдыбæстæйыл, мадæлон æвзаг æмæ æндæр рæсугъд æгъдæуттæ ма рох кæнын.***

Æркаст-конкурс конд æрцыд Дзæуджыхъæуы Фæсивæды галуаны, æмæ дзы архайдтой аст чызджы, уыдонимæ – Джызæлы хъæуы фыццæгæм астæуккаг скъолайы ахуырдзау Гæджынаты Дианæ дæр. Уыдонæн аргъ кодта сæрмагонд жюри фондз адæймаджы скондæй **Мамытты Тамерланы** сæргълæудæй.

Æркасты архайджытæ æмæ ардæм æрбацæуæг адæмæн арфæйы ныхæстæ загътой Цæгат Ирыстоны национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министры хæдивæг **Къуымæллæгаты Олег** æмæ Мамытты Тамерлан.

Æркасты архайæг чызджытæ дзырдтой сæ мыггаджы равзæрды тыххæй, ирон фыдæлтыккон бæрæгбæттыл, хæринæгтыл, чындзæхсæвы æгъдæуттыл, сæ арæхстдзинад равдыстой кафынæй, æмдзæвгæтæ кæсынæй.

Конкурс-æркаст "Ирон дæн æз"-ы кæронбæттæны сбæрæг сты уæлахиздзаутæ. Жюрийы уæнгтæ дыккаг бынат саккаг кодтой джызæйлаг **Гæджынаты Дианæйæн** (ахуыргæнæг **Басилаты Людмилæ**). Дианæйæн дæр радтой æхцайы преми æмæ лæвар. Уый фæстæ уыд концерт.



Арфæ кæнæм Дианæйæн ахæм уæлахизы тыххæй!

***ГАССИТЫ Моисей***

**НАЧАЛАСЬ подписная кампания на районную газету «ФИДИУÆГ» на II полугодие 2025 года. Основная цена – 828, 84 руб., льготная – 687,06 руб. НАШ ИНДЕКС – 53913.**

Благоустройство

# Памятник обрел новую жизнь

***К юбилейной дате Великой Победы в Пригородном районе отремонтирован памятник морякам-черноморцам 62 отдельной Краснознаменной морской стрелковой бригады, принимавшим участие в боях за Владикавказ в 1942 году. Об этом в своем телеграм-канале сообщил глава Пригородного района Алан Гаглоев. Он поблагодарил всех, кто принимал непосредственное участие в восстановлении памятника.***





Монумент был установлен в 1987 году от имени благодарных трудящихся Северной Осетии. Инициатором строительства монумента выступил контр-адмирал Пантелей Цаголов. С этого времени памятник капитально не ремонтировали. Шефство над ним взяла станица Архонская. Местные жители проводили здесь субботники, поддерживали порядок на территории. Но, несмотря на это, со временем под воздействием погодных условий начал разрушаться постамент. Территория вокруг памятника выглядела неухоженной. Масштабные работы по благоустройству проводить здесь не представлялось возможным из-за затрудненного доступа – мимо проходит оживленная автомобильная трасса.

В одном из номеров нашей газеты мы рассказывали о том, какие действия намерены предпринимать для реконструкции памятника. Была даже озвучена идея переноса памятника в более доступное место – недалеко от нынешнего. После детального осмотра монумента специалисты пришли к единогласному мнению, что любой демонтаж может привести к разрушению памятника морякам, и лучше оставить его на прежнем месте. По заказу администрации местного самоуправления ст. Архонской подрядная организация отремонтировала постамент, привела в порядок сам монумент и подходы к нему. В настоящее время ведется работа по благоустройству путей подхода к памятнику и ступеней на спуске.

Благодаря усилиям руководства района и администрации ст. Архонской памятник морякам-черноморцам обрел новую жизнь. Подвиг их бессмертен.

***Светлана ДЗУСКАЕВА***

Служба в армии

# Гордость за внука

***В круговороте жизненных событий есть моменты, которые особенно ярко высвечивают силу человеческого духа, глубину его любви и непреходящую ценность простого человеческого участия. История жительницы с. Камбилеевского Кати Цагараевой – одна из таких. Это рассказ о том, как беспокойство любящего сердца привело к трогательной развязке, наполнившей душу гордостью и теплом.***



Как поведала нам **Катя Цагараева**, ее внук, **Сармат Джиникаев**, ушел служить, и вести от него задерживались. Сердце ее щемило от тревоги. Каждый день она ждала не только звонков, но и, как в старые добрые времена, письма от него. Эти дни ожидания тянулись бесконечно и наполняли ее душу беспокойством. Но Катя была женщиной не робкого десятка. Годы, отданные работе в военно-учетном столе, научили ее не только порядку и дисциплине, но и тому, что иногда нужно взять инициативу в свои руки.

Собрав волю в кулак и вооружившись ручкой, она написала письмо командиру части. В строках ее послания мелькала не только бабушкина забота, но и профессиональная выдержка – ведь она, как никто другой, знала, как важно внимание к каждому солдату.

И вот, спустя время, пришел ответ. Не просто отписка, а настоящее благодарственное письмо! Командир части гвардии полковник А. Трубин выражал Кате Цагараевой глубокую признательность. Но не за ее прошлое служебное рвение, а за то, каким замечательным человеком и солдатом вырос ее внук. Эти строки, полные уважения и теплых слов, стали для Кати самой дорогой наградой.

За время прохождения военной службы в батальоне аэродромно-технического обеспечения гвардии рядовой по призыву Сармат Джиникаев зарекомендовал себя, как исполнительный и дисциплинированный военнослужащий. В боевой подготовке проявляет должное старание и упорство. При выполнении служебных задач показывает настойчивость, разумную инициативу, постоянно совершенствует свои профессиональные навыки и знания, тем самым, добиваясь высоких результатов. Сармат является примером для всего личного состава батальона.

Тревога Кати Цагараевой сменилась безмерной гордостью, а руки бережно разглаживали письмо, ставшее символом того, что любовь, забота и правильное воспитание дали такие прекрасные плоды. Сармат не просто служит – он служит так, что им гордятся, и эта гордость согревает ее сердце лучше самого яркого солнца.

***Марина ГУСОВА***

Сельское хозяйство

# Наблюдается рост животноводческой продукции

***С приходом весны в ряде животноводческих хозяйств района стал наблюдаться рост производства продукции.***

Птицеводы ПФ "Владикавказская" реализовали 128,5 т мяса в живом весе, по сравнению с апрелем прошлого года (30 т) рост составил 428,8%. Удой молока на условную голову в ИП "В. Царикаев", где поголовье коров не превышает 56 особей, держится на уровне прошлого года.

Увеличились производственные показатели и в животноводческом хозяйстве ИП "А. Бибилов". По сравнению с аналогичным периодом прошлого года производство молока составило 66,2 т (т.е. на 3 т больше). Удой на одну условную голову в 2024 г. был равен 1806 л, в нынешнем же он составил 1872 л, производственные показатели выросли на 103,6%.

Почти такие же показатели и в ИП "В. Пагиев". По производству молока увеличение составило 134%. А рост по удою здесь 133,2% (1696 л), т.е. на 423 л больше, чем в прошлом году.

Трава на выпасных угодьях наливается, становится сочной и питательной. И это, конечно, тоже скажется на продуктивности животных.

***А. СЕСЕЕВ***

Номарæн футбол

# Ерыстæ суыдзысты æрвылазон

***Уæрæсейы сæрмагонд æфсæддон операци куы райдыдта, уæд уырдæм фæцыдысты æрвадиуæггæнæг Хуыгатæ æмæ Сланты фæсивæд дæр. Уыдон нæ фæхудинаг кодтой сæ мыггæгты фарн, стæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, 1992 азы æрбабырсты рæстæг ацы æрвадæлтæй чи архайдта, чи фæмард, уыдоны рухс нæмттæ. Хуыгатæ æмæ Слантæй сæрмагонд æфсæддон операцийы фæхъуыд 17 лæппуйы, уыдонæй иутæ цардысты Горæтгæрон районы – Черменыхъæуы, Тарскæйы, Сунжæйы, стæй Хуссар Ирыстоны æмæ æндæр цæрæн бынæтты. Ацы æфсæддон операцийы ирон мыггæгтæй Хуыгатæй фылдæр хæстонтæ никæмæй фæхъуыд.***



Хорз бакодтой мыггæгты советы разамонджытæ, Уæлахизы боны кадæн Цæгат Ирыстоны цы спортивон ерыстæ цыдысты, уыдонæй иу кæй бацæттæ кодтой, уымæй. Турнирæй ссардтой Хуыгаты æмæ Сланты зынгхуыст лæппуты рухс нæмттæ. Уагъд цыд футболон скъола "Юность"-ы стадионы. Ацы футболы ерысты тыххæй развæлгъау уыд хъуысынгæнинаг, æмæ дзы бирæ адæм æрбамбырд. Архайдтой дзы 2013–2014 азты гуырд футболисттæ æхсæз командæйæ: "Юность 1", "Юность 2", "Спартак", "Автодор", "Динамо" æмæ нæ районы Октябрыхъæуы командæ.

Футбол рауад цымыдисон. Кæронбæттæны фембæлдысты командæтæ "Автодор" æмæ "Юность 1". Фæуæлахиз "Юность 1" 5:4 хыгъдæй. Уыдоны фæстæ æртыккаг бынатмæ рацыд Октябрыхъæуы командæ.

Уæлахиздзаутæн, призон бынæттæ чи бацахста, уыдонæн саккаг кодтой кубоктæ, майдантæ, дипломтæ, грамотætæ. Тæрхонгæнджытæ **Кокойты Артур** æмæ **Бериаты Таймуразæн** радтой сæрмагонд лæвæрттæ.

Хуыздæр дуаргæс **Бедойты Михал**, хуыздæр хъахъхъæнæг **Дзлиаты Зауыр**, хуыздæр æрдæгхъахъхъæнæг **Лазарты Æхсар**, хуыздæр размæбырсæг **Глеб Лях**, æппæты рæстдзæвиндæр **Джиоты Хетæг,** хуыздæр хъазæг Дзлиаты Зауыры схорзæхджын кодтой сæрмагонд лæвæрттæй.

Æрвадиуæггæнæг мыггæгты уынаффæгæнджытæ куыд зæгъынц, афтæмæй ахæм турниртæ суыдзысты æрвылазон.

***ГАССИТЫ Моисей***

## Абон – Ирон æвзаджы бон




***1899 азы 15 майы ирон адæмыл æрцыд стыр хæрзиуæг – фæхæццæ сæм номдзыд Хетæгкаты Къостайы сæйраг сгуыхтдзинад, нæ дзыллæйы иууыл уарзондæр чиныг "Ирон фæндыр". Мыхуыры рацыд Дзæуджыхъæуы. Къоста уæд Пятигорскæй Херсонмæ цыд йæ ног хасты фæндагыл. Цæгат Ирыстоны Президенты Указæй 15 май нысан цæуы Ирон æвзаджы бонæй.***

# Андрей Шегрен



***Шегрен уыди зындгонд уырыссаг филолог æмæ этнограф. Йæ мыггагмæ гæсгæ – шведаг Иоганн Андриас Шегрен.***

Райгуырд 1794 азы 26 апрелы. 1829 азы сси Бетъырбухы академийы адъютант, 1829 азы – ординарон академик. Æмбырд кодта финнаг æвзæгты истори, археологи æмæ этнографийы тыххæй æрмæг. 1844 азы Андрей ссыд Кавказмæ æмæ ахуыр кæнын райдыдта ирон æмæ гуырдзиаг æвзæгтæ. Ирон адæмы цард æмæ æвзаг афтæ хорз базыдта, æмæ фараст азы фæстæ уырыссаг æмæ немыцаг æвзæгтыл мыхуыры рауагъта фыццаг "Ирон грамматикæ ирон-уырыссаг æмæ уырыссаг-ирон дзырдуатимæ". Уыцы чиныг уыди ирон æвзаг зонадон æгъдауæй иртасыны фыццаг куыст.

Андрей Шегренæн стыр кад ис ирон адæмы 'хсæн.

## Ме 'взаг

*Цы у ирон æвзаг мæнæн?*
*Мæ нысан æмæ фат,*
*Нæ ивгъуыдмæ дæгъæл,*
*Нæ фидæнмæ фæндаг.*

*Æнæ уый æз цы дæн?*
*Æнæ фаттæ æрдын,*
*Æнæ хъама кæрддзæм,*
*Æнæ хъæлæс фæндыр.*

*Æнæ уый æз цы дæн?*
*Æнæ уый æз нæ дæн.*

***КЪАДЗАТЫ Станислав***

# Цæр мын, ирон æвзаг!




***Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ адæймаг чысылæй куы нæ базона æмæ бауарза йæ мадæлон æвзаг, уæд ын уый фæстæ тынг зын уыдзæн йæ базонын. Сывæллонæн йæ сабийы бонтæй фæстæмæ цы зонындзинæдтæ дæттынц йæ ныййарджытæ, бинонтæ, уыдон свæййынц йæ зондахасты бындур. Æз куыд бафиппайдтон, афтæмæй бирæ ныййарджытæ сæсывæллæттæм нæ райгуырын кодтой уарзондзинад нæ мадæлон æвзагмæ, фæлæ сæ зæрдиагæй разæнгард кæнынц уырыссаг æмæ англисаг æвзæгтæ ахуыр кæнынмæ. Кæйзæгъын æй хъæуы, ацы æвзæгтæ зонын æнæмæнг хъæуы, фæлæ...***

Æз хъæуы райгуырдтæн, ам дзырдтон æрмæстдæр иронау. Фæлæ сахармæ куы ралыгъдыстæм, уæдæй фæстæмæ рæвдауæндоны, сыхæгтæм æмæ скъолайы дæр ирон ныхас арæх нæ хъусын. Ацы хъуыддаг мæнæн у тынг зын, сагъæссаг.

Царды хорздзинæдтæн сæ ахсджиагдæр у мадæлон æвзаг – ирон æвзаг, ирон адæймаджы зæрдæ. Кæмфæнды куы цæрай, цыфæнды стыр бынат куы ахсай, уæддæр дæ хъуамæ макуы уой рох райгуырæн Ирыстон, ныййарджытæ æмæ нæ фыдæлты хæзна – мадæлон æвзаг.

Æз фехъуыстон, ирон æвзаг кæй æрцыд нымад, фесæфынæй тас кæмæн у, уыцы æвзæгтимæ. Мæ зæрдæ мын сриссын кодта ацы хабар. Мæнмæ гæсгæ, алы ирон адæймаджы дæр хъæуы бахъахъхъæнын нæ диссаджы мелодикон æвзаг. Хъуамæ алы ирон лæг дæр хъуыды кæна, дзура, кæса, фысса, зара нæ æрдхæрæн мадæлон æвзагыл... Алы адæмыхаттæн дæр ис мадæлон æвзаг. Уый куы амæла, уæд амæлы адæмыхатт дæр.

Æрмæстдæр æвзаг ныввыл кæны дунейы цард. Мæ ирон мадæлон æвзаг мæнæн у, мæ ныййарæг мадау, адджын æмæ зынаргъ. Цæр мын, алкæддæр цардхъом у, мæ мадæлон ирон æвзаг!

***ГУЫТЪИАТЫ Шанин***

# Фыдыбæстæ

***Ирон æвзаг æртæ мин азæй фылдæр у Фыдыбæстæ иронæн. Скифыстон-Сæрмæтыстон-Аланыстон-Ирыстон – ахæм фæндæгтыл æрхæццæ махмæ нæ мадæлон æвзаг. Ирон лæджы хъысмæт кæдфæндыдæр баст уыдис мадæлон æвзагимæ. Мæлæтæй стырдæр знаг ныхасыздæхтæн нæй æмæ нæ уыдзæн. Æрмæст мæлæтæй тæрсын нæ хъæуы (Къоста йæ раджы загъта), фæлæ дзы хи хизын хъæуы. Фыссæг хъуамæ урс гæххæттыл сау дамгъæтæ байтауыны размæ йæхицæн дзуапп радта æппæты вазыгджындæр фарстæн: "Мæ фæллæйттæ мадæлон æвзагæн царды хос суыдзысты æви нæ?"***



Урс царды нысан у, сау та – мæлæты. Адæймаг сæ хъуамæ æрдзон хуызы баиу кæна, цæмæй æвзагæн æвдадзы хос фестой. Йæ къухы уыцы хъуыддаг куы бафты, уæд æмбарын райдайы царды мидис. Уый та йæ арвиты лæгæвзарæн фæндагыл – мадæлон æвзаджы хъæбысмæ. Æмæ иугæр цард Хуыцауы фæндæй рахаста ахæм тæрхон, уæд – дæ хъару 'мæ дæхæдæг.

Адæймагæн чиныг уадзын у фæлварæн. Кæд фæрæстмæ уа, уæд æвзарæн фæндаг – хиды хуызæн: баиу кæндзæнис адæмы зæрдæтæ, кæнæ та фестдзæнис цæлхдур царды хæдтулгæ уæрдоны размæ. Æвзарæн фæндаг дæ цыфæнды хорз бæстæмæ куы 'рхона, цыфæнды хорз цард дзы куы банкъарай, цыфæнды хорз адæймæгтыл дзы куы сæмбæлай, уæддæр дæ зæрдæйы арфæй дæ зонды фæзилæнтæм хъуамæ тыбар-тыбур кæна рухс хъуыды: "ИРОН ÆВЗАГ – ФЫДЫБÆСТÆ ИРОНÆН!"

***ХОЗИТЫ Барис,***
***Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдар***

# Зындгонд адæймæгты хъуыдытæ мадæлон æвзаджы тыххæй

Ирон æвзаг у, хъуыдыйы æмæ æнкъарæнты тæккæ лыстæгдæр æмæ уæздандæр фæзилæнтæ равдисынмæ чи арæхсы, ахæм æнаипп, рæвдз æмæ коммæгæс хотых.

* * *

Бæлас афæлдæхы, мæры йын йæ уидæгтæ куы алыг чындæуы, уæд. Æвзаг амæлы, бинонты 'хсæн ын йæ уидæгтæ куы акъуырай, уæд. Уымæ гæсгæ хъуамæ алы ирон дæр сæвæра ахæм фидар фæтк: бинонты 'хсæн хъахъхъæнон æмæ сыгъдæгæй хæссон мæ мадæлон æвзаг.

***АБАЙТЫ Васо***

Худинаг уæм нæ кæсы
Æнцад бадын фыддæрагæн?
Иу уæ, лæгау, куыд нæ тæрсы
Фесæфынæй Иры 'взагæн...

* * *

Тæхуды, фыдæлты æвзагæй
Йæ хъуыдытæ чи зоны хъарын,
Кæмæн цæуынц радæй, зæлдагау,
Йæ дзыхæй йæ дзырдтæ, йæ зарын.

***ГÆДИАТЫ Секъа***

Ирон æвзаджы Къоста сдзурын кодта тыхджын æмæ рæсугъд поэтикон хъæлæсæй.

* * *

Æцæгæлон æвзагыл адæймаг зонды мæсыг нæ самайдзæн.

* * *

Не 'взаджы руаджы райхъал уыдзæн нæ зонд, æрмæст уый фæрцы æнæ фæрисгæйæ бауыдзыстæм хайджын сæрибары æрхæсгæ хæзнатæй. Размæ нæ ацæудзыстæм, нæ зонд не стыхджын уыдзæн, йæ фисынтæ йын нæхи æвзагыл куы нæ самайæм, йæ уидæгтæ йын нæхи æвзагыл куы нæ сфидар кæнæм, уæд.

***ТЫБЫЛТЫ Алыксандр***

* * *

Ахуыргонд лæг фыццаг уал йæхи мадæлон æвзаг базоны, стæй та – æндæр адæмты æвзæгтæ.

***НИГЕР***

* * *

Чиныг стыр хорзы йеддæмæ зиан никæмæн уыдзæн.

***БРЫТЪИАТЫ Елбыздыхъо***

* * *

Йæ мадæлон æвзагыл стырзæрдæ чи у, уыцы адæймаг у хъæддаг.

***Константин ПАУСТОВСКИЙ***

* * *

Мадæлон æвзаг у адæймаджы уды хъæды дидинæг, нæ хъаруйы цæджындз, фæлтæрты æхсæн фидар хид.

***Константин УШИНСКИЙ***

* * *

Æмæ кæд ме 'взаг фесæфдзæнис райсом,
Уæд абон æз мæлæтмæ дæн цæттæ.

***Расул ГАМЗАТОВ***

* * *

Искæцы адæмы цард æмæ æгъдæуттæ базонын дæ куы фæнда, уæд уал ын сахуыр кæн йе 'взаг.

***ПИФАГОР***

### ИЗВЕЩЕНИЕ О ПРОВЕДЕНИИ ЗАСЕДАНИЯ СОГЛАСИТЕЛЬНОЙ КОМИССИИ ПО ВОПРОСУ СОГЛАСОВАНИЯ МЕСТОПОЛОЖЕНИЯ ГРАНИЦ ЗЕМЕЛЬНЫХ УЧАСТКОВ ПРИ ВЫПОЛНЕНИИ КОМПЛЕКСНЫХ КАДАСТРОВЫХ РАБОТ

В отношении объектов недвижимого имущества, расположенных на территории кадастрового квартала (территориях нескольких смежных кадастровых кварталов): субъект Российской Федерации: Республика Северная Осетия – Алания, муниципальное образование: Ирское сельское поселение Пригородного района Республики Северная Осетия – Алания, Архонское сельское поселение Пригородного района Республики Северная Осетия – Алания, Октябрьское сельское поселение Пригородного района Республики Северная Осетия – Алания, Михайловское сельское поселение Пригородного района Республики Северная Осетия – Алания, населенный пункт: с. Ир, ст-ца Архонская, с. Октябрьское, с. Михайловское, № кадастрового квартала (нескольких смежных кадастровых кварталов):

| | | |
|---|---|---|
| 15:08:0050132 | 15:08:0100119 | 15:08:0160210 |
| 15:08:0050140 | 15:08:0100121 | 15:08:0160217 |
| 15:08:0050210 | 15:08:0160107 | 15:08:0160218 |
| 15:08:0090105 | 15:08:0160108 | 15:08:0160232 |
| 15:08:0090282 | 15:08:0160109 | 15:08:0090119 |
| 15:08:0100112 | 15:08:0160110 | 15:08:0050131 |
| 15:08:0100114 | 15:08:0160114 | |
| 15:08:0100115 | 15:08:0160115 | |
| 15:08:0100116 | 15:08:0160207 | |
| 15:08:0100118 | 15:08:0160209 | |

в соответствии с Соглашением о предоставлении из федерального бюджета субсидий, в том числе грантов в форме субсидий, юридическим лицам, индивидуальным предпринимателям, а также физическим лицам от "30" января 2025 г. № 321-20-2025-002 выполняются комплексные кадастровые работы.

Уведомляем всех заинтересованных лиц о завершении подготовки проектов карт-планов территории, с которыми можно ознакомиться по адресу работы согласительной комиссии: Республики Северная Осетия – Алания, Пригородный район, с. Октябрьское, ул. Павла Тедеева, 129 (понедельник-пятница с 9.00 до 12.00 и с 15.00 до 17.00) или на официальных сайтах в информационно-телекоммуникационной сети Интернет: АМС Пригородного района – http://prigams.ru; Министерство государственного имущества и земельных отношений Республики Северная Осетия – Алания – http://minimu.alania.gov.ru; Управление Росреестра по Республики Северная Осетия – Алания – https://rosreestr.ru/.

Заседание согласительной комиссии по вопросу согласования местоположения границ земельных участков, в отношении которых проводятся комплексные кадастровые работы состоится по адресу: Республика Северная Осетия 0 Алания, Пригородный район, с. Октябрьское, ул. Павла Тедеева, 129, "05" июня 2025 г. в 11 часов 00 минут.

Для участия в согласовании местоположения границ при себе необходимо иметь документ, удостоверяющий личность, а также документы, подтверждающие права на соответствующий земельный участок.

Обоснованные возражения относительно местоположения границ земельных участков, содержащегося в проекте карты-плана территории, можно представить в согласительную комиссию в письменной форме в период с "15" мая 2025 г. по "05" июня 2025 г. с "06" июня 2025 г. по "11" июля 2025 г.

Возражения оформляются в соответствии с частью 15 статьи 42.10 Федерального закона от 24 июля 2007 г. № 221-ФЗ "О государственном кадастре недвижимости" и включают в себя сведения о лице, направившем данное возражение, в том числе фамилию, имя и (при наличии) отчество, а также адрес правообладателя и (или) адрес электронной почты правообладателя, реквизиты документа, удостоверяющего его личность, обоснование причин его несогласия с местоположением границы земельного участка, кадастровый номер земельного участка (при наличии) или обозначение образуемого земельного участка в соответствии с проектом карты-плана территории. К указанным возражениям должны быть приложены копии документов, подтверждающих право лица, направившего данное возражение на такой земельный участок, или иные документы, устанавливающие или удостоверяющие права на такой земельный участок, а также документы, определяющие (определявшие) местоположение границ при образовании такого земельного участка (при наличии).

В случае отсутствия таких возражений местоположение границ земельных участков считается согласованным.

### ИЗВЕЩЕНИЕ О ПРОВЕДЕНИИ СОБРАНИЯ О СОГЛАСОВАНИИ МЕСТОПОЛОЖЕНИЯ ГРАНИЦЫ ЗЕМЕЛЬНОГО УЧАСТКА

Кадастровым инженером Шиолашвили Давидом Георгиевичем (РСО – Алания, г. Владикавказ, улица Нальчикская, дом 47, dshiolashvili@yandex.ru, тел.: 89618257512, 26898) выполняются кадастровые работы в отношении земельного участка с кадастровым № 15:08:0030601:1449, расположенного по адресу: РСО – Алания, Пригородный район, с/т "Победит" сад № 1248, кадастровый квартал 15:08:0030601.

Заказчиком кадастровых работ является Хохова Карина Астановна (РСО – Алания, г. Владикавказ, пр. Доватора 19, кв. 24, тел. 89627486235).

Собрание по поводу согласования местоположения границы земельного участка состоится по адресу: РСО – Алания, Пригородный район, с/т "Победит", сад № 1248, "15" июня 2025 г. в 11 часов 30 минуты.

С проектом межевого плана земельного участка можно ознакомиться по адресу: РСО – Алания, Пригородный район, с/т "Победит", сад № 1248, ознакомление в соответствии с Приказом Росреестра № П/0592 и 221-ФЗ.

Требования о проведении согласования местоположения границ земельных участков на местности принимаются с "15" мая 2025 г. по "30" мая 2025 г., обоснованные возражения о местоположении границ земельных участков после ознакомления с проектом межевого плана принимаются с "15" мая 2025 г. по "30" мая 2025 г. по адресу: РСО – Алания, Пригородный район, с/т "Победит", сад № 1248.

При проведении согласования местоположения границ при себе необходимо иметь документ, удостоверяющий личность, а также документы о правах на земельный участок (часть 12 статьи 39, часть 2 статьи 40 Федерального закона от 24 июля 2007 г. № 221-ФЗ "О кадастровой деятельности"). 282

### ИЗВЕЩЕНИЕ О ПРОВЕДЕНИИ СОБРАНИЯ О СОГЛАСОВАНИИ МЕСТОПОЛОЖЕНИЯ ГРАНИЦЫ ЗЕМЕЛЬНОГО УЧАСТКА

Кадастровым инженером Каджаевым Олегом Эльбрусовичем (адрес: 362025, РСО – Алания, г. Владикавказ, ул. Ватутина, 58, e-mail: kadastre15@mail.ru, тел. 8-918-828-90-15, № регистрации в государственном реестре лиц, осуществляющих кадастровую деятельность – 4104) выполняются кадастровые работы в отношении земельного участка с кадастровым № 15:08:0030601:1946, расположенногопо адресу: РФ, РСО – Алания, Пригородный район, с. Верхняя Саниба, СНТ "Победит", сад 43.

Заказчиком кадастровых работ является Дмитриенко Галина Владимировна, (тел. 8-928-859-09-43, РСО – Алания, г. Владикавказ, ул. Куйбышева, д. 120, корп. 2, кв. 12).

Собрание по поводу согласования местоположения границы состоится по адресу: РСО – Алания, Пригородный район, с. Верхняя Саниба, СНТ "Победит", сад 43, 16 июня 2025 г. в 11 часов 30 минут.

С проектом межевого плана земельного участка можно ознакомиться по адресу: РСО – Алания, г. Владикавказ, ул. Ватутина, 58. Требования о проведении согласования местоположения границ земельных участков на местности принимаются с 16 мая 2025 г. по 16 июня 2025 г., обоснованные возражения о местоположении границ земельных участков после ознакомления с проектом межевого плана принимаются с 16 мая 2025 г. по 16 июня 2025 г., по адресу: РСО – Алания, г. Владикавказ, ул. Ватутина, 58.

Смежные земельные участки, с правообладателями которых требуется согласовать местоположение границ в кадастровом квартале 15:08:0030601.

При проведении согласования местоположения границ при себе необходимо иметь документ, удостоверяющий личность, а также документы о правах на земельный участок (часть 12 статьи 39, часть 2 статьи 40 Федерального закона от 24 июля 2007 г. № 221-ФЗ "О кадастровой деятельности"). 283

# Объявления * Реклама * Сообщения

## ПРОДАЕТСЯ

✓з/участок в СНТ "Мичурино", 1-я линия. Цена – 300 тыс. руб.
***Тел. 8-989-742-08-88*** 233

✓трехкомнатная квартира в с. Октябрьском, 2-й этаж.
***Тел. 8-988-838-39-61*** 239

✓новый двухэтажный дом в с. Октябрьском, ул. Победы (два зала, три спальные комнаты, кухня, кладовая).
***Тел. 8-961-825-54-98*** 248

✓дом в с. Камбилеевском, ул. Речная, 19.
Цена – 3 500 000 руб.
***Тел. 8-928-487-12-50***

✓дом в с. Октябрьском.
***Тел. 8-928-070-46-65*** 242

✓дом в с. Комгарон, четыре комнаты, подвал 10 метров, двор под навесом. Обращаться по адресу: с. Комгарон, ул. К. Хетагурова, 4. 285

✓семена кукурузы Краснодарского калибровочного завода "Кубань" "Краснодарский 291 АМВ" – гибрид F1 (ФАО 290), среднеранний (105–110 дней). В мешке 50 тыс. шт семян – 3300 руб. Дистрибьютор – ККЗ Борис Дзотцоев.
***Тел. 8-903-483-58-97*** 255

✓ овощная рассада в стаканах.
***Тел. 8-989-743-85-33*** 286

✓рассада.
***Тел. 8-962-745-47-12*** 279

✓свиньи, кузова.
***Тел. 8-928-927-31-81*** 245

## РАЗНОЕ

✓**ШПАКЛЕВКА,** штукатурка, короед.
***Тел. 8-928-860-45-65*** 204

✓**ШТУКАТУРКА,** шпаклевка, облицовка, гипсокартон, стяжка, бетонные работы, кладка блоками.
***Тел. 8-963-176-71-19*** 203

✓**ВНУТРЕННИЕ** и наружные работы.
***Тел. 8-989-740-70-33*** 195

✓**ШТУКАТУРКА,** шпаклевка, побелка, обои.
***Тел. 8-989-743-37-38*** 277

✓**КЛАДКА,** фундамент, штукатурка, стяжка.
***Тел.: 8-988-819-88-48, 8-938-883-25-08*** 250

✓**БРИГАДА** строителей из двух человек выполнит следующие работы: фундамент, кладка, крыша, штукатурка, шпаклевка, плитка, короед.
***Тел.: 8-918-706-76-46, 8-960-405-22-32*** 241

✓**КЛАДКА,** фундамент, штукатурка, откосы, шпаклевка, демонтаж, обои.
***Тел. 8-918-836-66-73*** 251

✓**СПИЛИВАНИЕ** деревьев любой сложности на кладбищах, на территориях.
***Тел. 8-988-370-09-69*** 236

✓**ПОКОС** травы.
***Тел. 8-918-835-88-10*** 214

✓**ПОКОС** травы, быстро, качественно и недорого. Сруб деревьев.
***Тел. 8-962-749-95-22*** 249

✓**ВСПАШКА** огородов мотоблоком.
***Тел. 8-960-406-66-32*** 278

✓**ИЗГОТОВЛЕНИЕ** ворот, входных дверей, лексан. Быстро, качественно. Установка бесплатно.
***Тел.: 8-928-939-50-56, 8-928-487-86-31, 2-11-57*** 254

✓**РЕМОНТ** стиральных машин.
***Тел.: 8-961-820-26-10, 8-989-748-50-18*** 209

✓**РЕСТАВРАЦИЯ** одеял и матрасов, стирка, чесалка, пошив, ткань.
***Тел. 8-961-825-53-03*** 244

✓**ТРЕБУЕТСЯ** продавец, мучница и кухработники (два человека) в продуктовый магазин "Причал" с. Сунжи. Оплата и режим – по договоренности.
***Тел.: 8-918-830-85-70, 8-988-834-22-45*** 287



218

### ИЗВЕЩЕНИЕ О ПРОВЕДЕНИИ СОБРАНИЯ О СОГЛАСОВАНИИ МЕСТОПОЛОЖЕНИЯ ГРАНИЦЫ ЗЕМЕЛЬНОГО УЧАСТКА

Кадастровым инженером Шиолашвили Давидом Георгиевичем (РСО – Алания, г. Владикавказ, улица Нальчикская, дом 47, dshiolashvili@yandex.ru, тел.: 89618257512, 26898) выполняются кадастровые работы в отношении земельного участка с кадастровым № 15:08:0030601:898, расположенного по адресу: РСО – Алания, Пригородный район, СНО "Победит", сад № 895, кадастровый квартал 15:08:0030601.

Заказчиком кадастровых работ является Гогичаева Юлия Олеговна (РСО – Алания, г. Владикавказ, ул. Нагорная, 1 "а", кв. 14, тел. 89187095838).

Собрание по поводу согласования местоположения границы земельного участка состоится по адресу: РСО – Алания, Пригородный район, СНО "Победит", сад № 895 "15" июня 2025 г. в 11 часов 30 минуты.

С проектом межевого плана земельного участка можно ознакомиться по адресу: РСО – Алания, Пригородный район, СНО "Победит", сад № 895 ознакомление в соответствии с Приказом Росреестра № П/0592 и 221-ФЗ.

Требования о проведении согласования местоположения границ земельных участков на местности принимаются с "15" мая 2025 г. по "30" мая 2025 г., обоснованные возражения о местоположении границ земельных участков после ознакомления с проектом межевого плана принимаются с "15" мая 2025 г. по "30" мая 2025 г. по адресу: РСО – Алания, Пригородный район, СНО "Победит", сад № 895.

При проведении согласования местоположения границ при себе необходимо иметь документ, удостоверяющий личность, а также документы о правах на земельный участок (часть 12 статьи 39, часть 2 статьи 40 Феде рать но го закона от 24 июля 2007 г. № 221-ФЗ "О кадастровой деятельности"). 282



Продается рассада.
***Тел. 8-928-074-75-75*** 256




**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**

**Круглосуточно:** обработка, доставка гроба, оркестр, дудук.
***Тел.: 8-928-068-20-71, 8-918-823-48-91 (Рита)*** 219

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**

**Круглосуточно:** обработка, купание, одевание, доставка гроба, оркестр, дудук.
***Тел. 8-928-927-38-03 (Эмма)*** 253

Фидиуæг
Главный редактор М.А. ТЕДЕЕВА

УЧРЕДИТЕЛЬ: администрация местного самоуправления Пригородного муниципального района Республики Северная Осетия – Алания, с. Октябрьское, ул. Павла Тедеева, 129.
Газета зарегистрирована 21 июня 2012 года в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО – Алания. Регистрационный номер ПИ №ТУ 15-00074.
АДРЕС РЕДАКЦИИ И ИЗДАТЕЛЯ: 363100, с. Камбилеевское Пригородного района Республики Северная Осетия – Алания, ул. Юрия Кучиева, 4.
Время подписания в печать 17 ч. Фактически в 16.15.

ТЕЛЕФОНЫ: гл.редактор – 2-17-52; бухгалтерия – 2-31-52; отделы – 2-21-82, 2-31-52; отдел рекламы и объявлений – 2-24-16; компьютерный отдел – 2-10-03.
Газета выходит 3 раза в неделю (вторник, четверг, суббота), 156 раз в год. Издается на осетинском и русском языках.
E-mail: fidiuag@prigorod.alania.gov.ru.

За содержание материалов и рекламы ответственность несут авторы.
Тираж 2 625 экз. Заказ № 513. Индекс 362015.
Печать офсетная.
Типография: АО «Осетия-полиграфсервис», адрес типографии: РСО – А, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.